

BAB I BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra jeung manusa miboga patali nu teu bisa dipisahkeun kusabab ieu hal mangrupa eunteung kahirupan manusa nu ngawengku pamikiran, rasa, sikep, paripolah, pangaweruh, jeung imajinasi manusa (Sumardjo, 1997, kc. 3-4). Sastra minangka sarana pangarang dina ngaékspréksikeun hiji idé atawa gagasan ngaliwatan karangan nu miboga seni, sangkan jadi pangaweruh pikeun nu maca hasil karya sastrana. Karya sastra biasana digelarkeun ngaliwatan médium basa boh lisan boh tinulis, betusna diwadahan kana tilu warna nu dianggap merenah ku sastrawan nya éta dina warna prosa, puisi, atawa drama, boh heubeul boh modérn. Salah sahiji wangun prosa nu kaasup kana karya sastra modérn nyaéta novél.

Novél mangrupa karangan prosa panjang ngeunaan kahirupan nu ngagambarkeun rupa-rupa kajadian sapopoé manusa, nu ngahirupkeun karakteristik tokoh luyu jeung masarakat sabudeureunna jeung miboga galur nu ngarancabang. Ieu téh saluyu jeung pamadegan Isnendes (2010, kc.39) novél mangrupa prosa rékaan naratif, nu wujudna panjang, jeung galur caritana ngarancabang. Nurutkeun Nurgiyantoro (1998, kc.10) novél nyaéta karya prosa fiksi nu teu panjang teuing jeung miboga unsur pangwangun saperti unsur intrinsik jeung ékstrinsik. Novél ogé mangrupa salah sahiji wanda karya sastra nu bisa dijadikeun média pikeun ngagambarkeun pasualan-pasualan dina kahirupan, contona pasualan cinta anu raket patalina jeung kaayaan haté manusa (Aziza, 2016, kc. 1).

Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De mangrupa novél anyar, mimiti ditulis bulan Juni-Juli 2010, diréngsékeun bulan Agustus-Nopémber 2013, medal taun 2020. Novélna nyaritakeun hiji jajaka nu hirupna teu wéléh nyantél baé ka kampus, lantaran ngarasa can boga kaputusan pikeun mancegkeun tujuan hirup saterusna jeung nurutkeun manéhna kampus téh jadi tempat husus, nu jadi salah sahiji bagian tina sajarah nu istimewa tina lalakon hirupna. Nu antukna kuliahna kabolér, balas kajongjonan teuing nganteur

Novita Inggrit Nugraeni, 2023

NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

karesepna. Tapi dina pamustunganana, daék teu daék manéhna kudu lulus. Najan seungguh bari katalimbeng kénéh ku kalangkang wanoja nu pernah dipikacintana, nu matak ngarasa beurat ninggalkeun kampus.

Lamun ditilik tina segi sosial, ieu novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* téh ngagambarkeun masalah hirup jeung kahirupan. Psikologi sastra miboga maksud pikeun matotoskeun masalah psikologis jeung maham kana aspék-aspék kajiwaan nu aya dina karya sastra. Ieu hal téh raket patalina jeung nyumponan kabutuhan pikeun ngalakonan kahirupan. Dina nyumponan pangabutuh hirup, paripolah nangtukeun pisan ka manusa pikeun nyumponan kahirupanna. Paripolah dina ieu hal patali jeung psikologis nu mangrupa eunteung kapribadian nu bisa ditempo tina réalitas kahirupan jalma pikeun nyumponan pangabutuhna.

Psikologi sastra nyaéta hal nu nalungtik nilik kana karya sastra salaku aktivitas kajiwaan (Endraswara, 2003, kc. 97). Psikologi sastra teu saukur miboga maksud pikeun matotoskeun masalah psikologis. Tapi ogé pikeun maham kana aspék-aspék kajiwaan nu aya dina hiji karya sastra. Lian ti aspék kajiwaan tokoh dina karya sastra, bisa dianalisis ogé ngeunaan kapribadian atawa kajiwaan pangarang jeung kapribadian atawa kajiw'/'aan nu maca. Dumasar tinimbangan yén karya sastra ngandung aspék-aspék kajiwaan, analisis psikologi sastra penting pikeun dimekarkeun. Panalungtikan psikologi sastra nalaah ngeunaan kapribadian manusa jeung objék panalungtikan dumasar faktor-faktor nu mangaruhan paripolah manusa.

Salah sahiji tiori tina psikologi sastra nyaéta aya tiori kapribadian atawa psikologi humanistik nu ngalengkepan tina tiori saacanna, nyaéta psikoanalisis jeung behaviorisme. Psikologi humanistik nyaéta pamarekan ngeunaan pangalaman jeung paripolah manusa nu museur kana aktualisasi diri manusa (Irma, 2021, kc.7). Psikologi humanistik nyoko kana aspék positif tina diri manusa saperti cinta, kréativitas, ajén ma'na, jeung tumuwuhna pribadi. Psikologi humanistik oriéntasina leuwih kana jalma-jalma nu ngaktualisasikeun dirina, ieu hal ogé jadi dadasar élmu psikologi. Nurutkeun Maslow (dina Zikrun, 2018,

Novita Inggrit Nugraeni, 2023
NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL
JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kc.29) manusa miboga struktur psikologi analog jeung struktur fisik, miboga pangabutuh jeung kamampuh nu sipatna génetik. Tiori humanistik Maslow miboga kaonjoyan, nu ngarancang hiji tiori nyaéta *hierarchy of need* (tiori pangabutuh). Tiori hirarki pangabutuh manusa ieu nétélakeun yén manusa miboga sababaraha undakan pangabutuh atawa hirarki kabutuhan, ti mimiti nu pangdasarna nepi ka pangabutuh nu pangluhurna.

Nurutkeun Maslow (dina Minderop, 2016, kc.49) paripolah manusa leuwih ditangtukeun ku individuna sorangan pikeun nyumponan tujuan sangkan kahirupanna bungah jeung nyugemakeun, ogé leuwih nekenkeun kana hirarki pangabutuh jeung motivasi. Manusa dimotivasi ku pangabutuh pikeun ngaktualisasikeun, miara, jeung ngaronjatkeun dirina. Pangabutuh ieu sipatna bawaan salaku pangabutuh dasar jiwa manusa nu ngawengku kabutuhan fisik jeung psikis.

Maslow (dina Minderop, 2016, kc.49) nétélakeun tiorina ngeunaan pangabutuh saperti fisiologis, rasa aman, silih piasih, harga diri, jeung aktualisasi diri. Anapon pangabutuh dasar (fisik) nyaéta kabutuhan fisiologis. Saupama pangabutuh dasarna can cumpon manusa moal gerak pikeun nyumponan kabutuhan nu di luhurna. Hartina, pangabutuh pikeun aktualisasi diri bisa cumpon saupama harga dirina geus cumpon. Kabutuhan harga diri bisa dicumponan saupama kabutuhan cinta jeung silih piasih geus dicangking.

Dina nganalisis novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De, pamarekan nu dipaké nyaéta psikologi humanistik anu mangrupa salah sahiji tarékah pikeun bisa méré pangaweruh ka nu maca, pikeun méré pamahaman ngeunaan kapribadian tokoh atawa karakteristik tokoh jeung konflik naon waé nu karandapan dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur*.

Salian ti ngagunakeun pamarekan psikologi humanistik, panalungtik ogé ngagunakeun pamarekan struktural. Peaget (dina Isnendes, 2010, kc. 91) nétélakeun wangenan struktur nu otonom tina rujukan sistem séjén. Strukturna ngawengku jadi tilu gagasan poko. Kahiji, gagasan anu gembleng, hartina unggal unsur nyaluyukeun manéh jeung pakakas kaédah intrinsik nu nangtukeun

Novita Inggrit Nugraeni, 2023

NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sakumna unsur jeung bagian-bagianna. Kadua, gagasan transformasi, hartina struktur nyanggupan prosedur transformasi anu tuluy-tumuluy ngawangun bahan-bahan anyar. Katilu, gagasan mandiri, hartina struktur téh teu ngabutuhkeun hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur transformasi téa.

Analisis struktural tujuanna pikeun nalungtik sacara taliti ngeunaan sakabéh aspék sastra jeung ngasilkeun ma'na (Teeuw, 1988, kc. 135). Stanton (dina Nurgiyantoro, 2013, kc. 31) ngabédakeun unsur pangwangun novél kana tilu bagian nyaéta fakta, téma, jeung sarana sastra. Fakta dina hiji carita ngawengku karakter, plot, latar nu mangrupa unsur faktual nu bisa disawang kajadianna dina hiji novél. Téma mangrupa dadasar carita nu patali jeung pangalaman kahirupan. Sedengkeun sarana sastra minangka téhnik nu digunakeun ku pangarang pikeun milih jeung nyusun carita nepi ka miboga ma'na.

Aya sababaraha panalungtikan nu sawanda, nyaéta nganalisis hiji karya sastra nu ngagunakeun pamarekan psikologi sastra, di antarana: “Karakteristik Tokoh Utama dina Novél *Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Tegas R (2020) “Psikologis Tokoh Utama dina Novél *Budak Teuneung* Karya Samsodi (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Zulfikar Alamsyah (2020), “Konflik Batin Tokoh Utama dina Novel *Pangantén* Karya Deden Abdul Aziz (Ulikan Struktural jeung Psikologi Kapribadian Humanistik)” ku Ane Ainun Nurlaela (2021), “Konflik Sosial dina Kumpulan Carpon *Moal Dimumurah* Karya I. Asikin (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Amelisa Sarinayasa (2022), “Konflik Palaku Utama dina Novel *Mikung* Karya Abdullah Mustappa (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Khairunnisa Imtinan (2022), jeung “Novél Rusiah Stola *Bungur* Karya Ati S (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Imas Siti Kulsum (2022). Sanajan ieu panalungtikan téh sawanda tapi tangtu béda dina objék panalungtikanna.

Nganalisis novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* maké pamarekan struktural jeung psikologi humanistik mangrupa salah sahiji tarékah pikeun méré pangaweruh ka nu maca ngeunaan kapribadian tokoh atawa karakteristik dina éta

Novita Inggrit Nugraeni, 2023

NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

novél. Dumasar hal ieu, baris diguar dina panalungtikan nu dijudulan “Novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)”.

1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1.2.1. Kumaha struktur carita dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De?
- 1.2.2. Kumaha unsur-unsur psikologis humanistik tokoh dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu geus didadarkeun, ieu panalungtikan tangtuna miboga tujuan husus jeung tujuan umum.

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umumna nyaéta pikeun ngaguar struktur carita jeung psikologi humanistik nu nyampak dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1.3.2.1. struktur carita novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De jeung;
- 1.3.2.2. unsur-unsur psikologi humanistik tokoh dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat tina segi teoritis, praktis, kawijakan, jeung isu sarta aksi sosial saperti ieu di handap.

Novita Inggrit Nugraeni, 2023

NOVEL LAYUNG NGEMPUR DI KAMPUS BUNGUR KARYA LUGIENA DE (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI HUMANISTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nu maca ogé jadi référénsi sangkan bisa mekarkeun élmu pangaweruh hususna dina widang sastra. Hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun salah sahiji dadasar pikeun panalungtikan ka hareupna anu leuwih jembar.

1.4.2 Manfaat Praktis

Dina ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat:

1.4.2.1 pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh hususna dina nganalisis unsur psikologi tokoh jeung struktural dina novél;

1.4.2.2 pikeun mahasiswa, dipiharep bisa jadi sumber informasi jeung pangdeudeul studi literatur pikeun nambahan pangaweruh tiori sastra;

1.4.2.3 pikeun masarakat umum, dipiharep bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra téh teu ngan ukur méré hiburan tapi ogé pangaweruh ngeunaan kahirupan sosial.

1.4.3 Manfaat Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mantuan ngaronjatkeun minat literasi masarakat jeung miboga implikasi nu hadé pikeun nu maca, hususna masarakat nu ngarasa yén dirina miboga konflik nu karandapan dina kahirupanna sangkan teu putus harepan, lantaran sakabéh pasualan tangtu aya jalan kaluar pikeun matotoskeunana.

1.4.4 Manfaat Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan mangrupa lalakon pikeun jadi bahan bacaan, ngeunaan unsur psikologis hiji jalma jeung undakan pangabutuh dina nyumponan pangabutuh manusa, boh mahasiswa boh masarakat sangkan bisa leuwih maham kana pasualan nu karandapan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha nu diébréhkeun ieu.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangpaat panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan ngeunaan tiori sastra, novél, struktural, psikologi humanistik, panalungtikan samémehna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan struktural jeung psikologi humanistik dina novél *Layung Ngempur di Kampus Bungur* karya Lugiena De.

Bab V Kacindekan Implikasi jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.